



Pran abitid byen jere volay se sekrè pou pwodui ze bon kalite. Premye etap la se kòmanse gen poul ki an sante. Yo dwe vann tout volay ak ze yo kouve nan eta a ak yon sètifikasi ki montre yo soti nan yon twoupo volay yo te teste negatif pou salmonèl pilowoz. Pwochen etap pou pwodui bon kalite ze se bay volay yo bon kote pou yo rete k ap pwoteje yo kont move tan ak bèt ki ka manje yo. Kote yo rete a dwe ase gwo pou pran tout volay yo yon sèl kou. Mete nich ki pwòp e sèch pou volay yo, kote yon nich ka pran omwen kat volay. Bay bon kalite manje ak dlo enpòtan pou kenbe yon twoupo volay an sante.

Yon poul ki byen e an sante ap toujou pwodui plis ze. Si kantite ze poul yo fè depase sa w ap itilize, ou ka vann piblik la ze ki fre. Anvan w vann ze w yo, asire w ou chèche enfòmasyon nan Konsèy sante lokal ou a.

Pou yon ze fre, sa depan de tan an ak tanperati a. Yo dwe ranmase ze yo omwen de fwa pa jou, nan maten ak nan aprèmidi. Lè yo retire ze yo nan nich yo san pèdi tan, sa pèmèt ze yo pwòp e yo pa gen anyen. Ze ki pwòp yo pa bezwen pou yo lave yo. Yo dwe retire ze ki fele oswa ki kase yo pamie ze y ap vann yo. Yo ka vann ze ki fele e ki gen tach apati lokal yo pwodui yo a si yo anbale yo poukонт yo e yo met etikèt sou yo pou fè konnen yo fele oswa gen tach sou yo.

Si w bezwen lave ze yo, pa kite ze yo rete chita nan dlo a. Dlo yo dwe toujou nan sifas kokiyo la. Dlo a dwe omwen 10°F pi cho pase ze a, si se pa sa bakteri yo ka pase nan kokiyo lan pou antre nan ze a. Lè w ap itilize yon pwodui pou lave oswa dezenfekte ze, suiv tout enstriksyon yo. Si dlo a soti nan yon pi prive, yo dwe teste dlo a chak sis mwa pou wè si l pa gen yon seri bakteri byen presi. Yo dwe konsève tès sa yo nan yon dosye pou lè y ap fè enspeksyon.

Ze yo konsève yo dwe ant 33°F ak 45°F pou anpeche bakteri devlope. Yo pa konseye pou konsève ze yo toupre bagay ki gen sant ki fò. Ze yo ka pran sant sa yo epi bay ze yo yon vye gou.

Yo dwe mete ze ki pou vann yo nan katon ki pwòp e ki poko itilize, e ki gen bon etikèt. Administrasyon Manje ak Medikaman (FDA) mande pou gen yon deklarasyon konsènan sekirite ze yo ki sou katon an. Men sa k dwe nan deklarasyon an: "**ENSTRIKSYON SOU FASON POU BYEN JERE ZE:** Pou evite maladi bakteri lakòz: konsève ze yo nan frijidè, kuit ze yo jiskaske jón nan vin di, e byen kuit manje ki gen ze." Achte sèlman katon ki gen deklarasyon konsènan enstriksyon sou fason pou byen jere ze ki enprime sou yo. Nan kwen katon an, yo dwe enprime tou "anbale nan dat" oswa "vann nan dat". Dat limit pou vann ze a se 30 jou apre dat anbalaj la. Deskripsyon ki sou katon yo anbale ze yo dwe enprime nan karaktè 3/16^{yèm} pou oswa pi gwo. Non moun ki fè pwodiksyon an, adrèś li ak nimewo telefòn li dwe sou katon an tou.

Nan sa ki gen rapò ak vann ze w yo, gen plizyè opsyon. Ou ka chwazi klase ze yo selon gwochè yo ak aparans yo oswa w ka chwazi pa fè sa. Yo klase yo selon aparans lè yo klere yo ak yon limyè, e yo klase yo selon gwochè yo lè yo pran pwa yo. Kèlkeswa ka a, yo dwe di sa ki nan katon an. Anpil nan ti pwodiktè yo chwazi idantifye ze yo kòm "Pa klase selon Aparans ak Selon Gwochè". Lè yo idantifye yo kòm "Pa klase selon Aparans ak Selon Gwochè" (yo pale de sa tou kòm "Jan yo soti nan nich lan"), sa vle di ou pa t klase ze yo selon gwochè oswa aparans, e yo te anbale ze yo san yo pa t triye yo yon fason oswa yon lòt. Tout ze yo, kèlkeswa aparans yo oswa gwochè yo, oswa sa yo vann kòm Pa klase selon aparans oswa gwochè, yo dwe pwòp e yo pa dwe gen siy yo kase.

Gen yon standa nan tout Etazini pou aparans ak gwosè yo, e n ap jwenn deskripsiyo chak sou sit Entènèt Depatman Resous Agrikòl Massachusetts (MDAR). Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte Seksyon Sante Bèt nan (617) 626-1798 oswa <http://www.mass.gov/eea/agencies/agr/animal-health/poultry/>